

Avi Pou Aksyon Siplementè

**Non-Konfirmasyon Pwovizwa U.S Department of Homeland Security
(Departman Sekirite Nasional Ameriken) (DHS TNC)**

Non, Prenon Anplwaye-a	Kat Dènye Chif Nimewo Sekirite Sosyal Anplwaye-a
Nimewo Vizitè (A-Number) Anplwaye-a	Nimewo Dokiman Anplwaye-a
Dat Non-Konfirmasyon Pwovizwa DHS	Nimewo Verifikasyon Ka-a
Rezon pou avi sa:	

ENSTRIKSYON POU PATWON-AN:

- Revize Avi Pou Aksyon Siplementè sa an prive ak anplwaye-a pli vit ke posib
ENPOTAN: Si anplwaye-a pa pale angle kòm lang manman li oswa kòm lang prensipal li oswa li pa fin kapab li ak konprann lang Angle-a, ou pab bay anplwaye-a on tradiksyon Avi Pou Aksyon Siplementè sa. Tradiksyon yo disponib nan seksyon 'View Essential Resources' (Konsilte Resous Esansyèl yo) nan E-Verify. Si amplwaye-a pa kapab li dokiman sa pou kèlkeswa rezon-an, ou ka bay enfòmasyon yo nan on lòt fòma.
- Verifye si tout enfòmasyon yo nan pati ki anlè Avi Pou Aksyon Siplementè sa kòrèk. Si enfòmasyon yo pa kòrèk, fèmen ka sa nan E-Verify epi kreye yon nouvo ka ki genyen enfòmasyon ki kòrèk yo.
- Mande anplwaye-a pou li di si li pwal konteste Non-Konfirmasyon Pwovizwa DHS la (DHS TNC) lè li siyen epi ekri dat la nan Paj 2 nan Avi Pou Aksyon Siplementè sa, epi w'ap siyen epi ekri dat la kòm patwon.
- Bay anplwaye-a on kopi Avi Pou Aksyon Siplementè-a ki siyen an Angl (ak yon tradiksyon, si sa nesesè) epi tache orijinal la ak Fòm I-9 pou anplwaye-a.
- Konekte sou E-Verify epi chèche ka sa ak enfòmasyon ki piwo yo. Swiv enstriksyon ki nan E-Verify pou'w kapab refere ka-a bay DHS si anplwaye-a konteste TNC-a oswa fèmen ka-a si anplwaye-a pa konteste DHS TNC-a. Si anplwaye-a chwazi pou li pa konteste DHS TNC-a, ou kapab mete fen a travay li epi fèmen ka-a nan E-Verify.
ENPOTAN: Si anplwaye-a konteste DHS TNC-a, refere ka-a bay DHS, enprime Konfirmasyon Dat Referans (*Referral Date Confirmation*) ki nan E-Verify, remèt anplwaye-a li, epi eksplike anplwaye-a pou li kontakte DHS nan lespas 8 jou travay pou Gouvènman Federal la jan yo eksplike sa nan Konfirmasyon Dat Referans la.

Pou Foto Ki Pa Matche SELMAN

Ranpli Avi Pou Aksyon Siplementè sa epi voye yon kopi ak tout dokiman foto anplwaye-a bay DHS. Tache epi voye yon kopi dijital dokiman foto-an nan E-Verify oswa voye yon kopi sou papye bay DHS nan konpayi transpò eksprès ou vle-a. PA voye kopi yo nan lapòs regilye nan United States Postal Service.

Adrès Pou Konpayi Transpò Eksprès	Tache epi Voye Elektronikman
U.S. Department of Homeland Security- USCIS 10 Fountain Plaza, 3rd Floor Buffalo, NY 14202 Attn: Status Verification Office - Photo Matching	Fè yon kopi difital dokiman foto anplwaye-a (pa egzamp ak yon eskanè oswa yon kamera) epi anrejistre li nan òdinatè-ou. Apresa tache epi voye kopi-a nan E-Verify.

Siyati Patwon-a ak Dat

Mwen mete anplwaye-a okouran de Non-Konfirmasyon Pwovizwa DHS la epi mwen remèt li yon kopi Avi Pou Aksyon Siplementè sa.

Non Patwon-an	Non Reprezantan Patwon-an
Dat	Siyati Reprezantan Patwon-an

ENSTRIKSYON POU ANPLWAYE-A:

Poukisa ou resevwa Avi Pou Aksyon Siplementè sa

Patwon'w patisipenan E-Verify, yon pwogram ke Depatman Sekirite Nasjonal Ameriken (DHS) ak Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) jere. E-Verify konpare enfòmasyon ou bay yo nan Fòm I-9, Verifikasyon Kalifikasyon Pou Travay, ak doye ki disponib nan DHS pou verifye ke ou gen dwa travay nan peyi Etazini.

Ou resevwa Avi Pou Aksyon Siplementè sa de patwon'w lan paske E-Verify bay on rezulta Non-Konfirmasyon Pwovizwa pou DHS (DHS TNC). Yon DHS TNC vle di ke enfòmasyon patwon'w rantre nan E-Verify pa koresponn ak dosye DHS yo. Yon DHS TNC pa oblige di ke ou bay patwon'w la move enfòmasyon oswa ke ou pa gen dwa travay nan peyi Etazini. Vizite paj [For Employees \(Pou Anplwaye\)](#) nan sit entènèt www.dhs.gov/E-Verify pou konnen pou ki rezon ou ka resevwa yon DHS TNC.

Kisa ou ta dwe fè:

1. Verifye si tout enfòmasyon yo ki nan Page 1 nan Avi Pou Aksyon Siplementè sa kòrèk. Si yo pa kòrèk, remèt patwon-ou enfòmasyon ki kòrèk yo. Patwon-ou ta dwe fèmen ka E-Verify sa epi itilize enfòmasyon ki korije yo pou kreye yon nouvo ka.
2. Deside si ou vle konteste (pran aksyon pou rezoud) DHS TNC-a epi enfòme patwon'w de desizyon'w.
ENPÒTAN: Si ou deside pou ou pa konteste DHS TNC-a, ka'w la ap tounenDènye Non-Konfirmasyon, sa vle di ke patwon'w la ka mete fen a travay ou.
3. Chwazi pou ou konteste oswa pou ou pa konteste epi siyen epi ekri dat la pou Avi Pou Aksyon Siplementè-a piba-a. Si ou deside pou'w konteste DHS TNC-a, pou kòmanse rezoud DHS TNC-a, ou dwe kontakte DHS **nan 8 jou travay pou Gouvènman Federal la** apati de dat ke patwon'w te refere ka'w la nan E- Verify.
ENPÒTAN: Revize Paj 3 avi sa pou enfòmasyon ki enpòtan sou responsabilite patwon'w ak dwa-ou yo.

Tcheke Bwat la, siyen epi ekri dat le pi ba:

Mwen chwazi: (tcheke yonn)		
<input type="checkbox"/>	KONTESTE (pran mezi pou rezoud DHS TNC-a)	
<input type="checkbox"/>	PA KONTESTE (pa pran aksyon pou rezoud DHS TNC-a)	
Siyati Anplwaye-a		Dat

Sa ou dwe fè pou ou pran aksyon pou rezoud DHS TNC-a:

1. Rele DHS nan 888-897-7781 (TTY: 887-875 -6028) **nan 8 jou travay pou Gouvènman Federal la** apati de dat ke patwon'w te refere ka'w la pou rezoud ka-a. Patwon'w dwe remèt ou yon Konfirmasyon Dat Referans, ki ap di'w nan ki dat ou kapab kontakte DHS.
Etidyan Etranje ak Vizitè Pou Echanj Sèlman: DHS pa kapab rezoud ka-a si dosye'w nan Sistèm Enfòmasyon Pou Etidyan Vizité Pou Echanj (Student Exchange Visitor Information System (SEVIS)) pa kòrèk. Avan ou rele DHS, eseye kontakte Ofisyèl Lekòl Yo Deziyen-an oswa Fonksyonè Responsab la epi aire'w ke dosye SEVIS ou-a kòrèk.
2. Fòk ou genyen Avi Pou Aksyon Siplementè sa lè w'ap rele DHS. DHS kapab mande'w pou-ou bay enfòmasyon siplementé oswa dokiman pou rezoud ka'w la. Si ou bezwen pou ede'w nan yon lang ki pa Angle, ou kapab mande on reprezantan kliyan E-Verify pou yon entèprèt.

AVI: Kòm ou te resevwa yon TNC DHS nan E-Verify, dosye imigrasyon ou kapab pa kòrèk. Korije erè ki nan dosye imigrasyon'w lan kapab anpeche ou resevwa yon TNC nan men DHS nan lavni. Yon fwa ou rezoud avèk sikse TNC DHS ou-a, ou kapab vlei pran plis aksyon pou korije dosye imigrasyon'w lan. Ou kapab revize fèy enfòmasyon ki rele "Kijan Pou Korije Dosye USCIS ou Lè ou Fin Rezoud Non-Konfirmasyon Pwovizwa-a nan E-Verify" ki nan <http://www.uscis.gov/e-verify/employees/how-correct-your-immigration-records>. Fèy enfòmasyon sa bay enfòmasyon sou plizyè opsyon pou korije dosye DHS ou-a.

KONNEN DWA-OU

Paj sa genyen enfòmasyon ki enpòtan sou responsabilite patwon-an ak dwa'w yo.

- Patwon yo dwe fè'w konnen san pèdi tan, an prive, de yon Les employeurs doivent notifier promptement vous, en privé, de yon Non-Konfirmasyon Pwovizwa (Nonconfirmation provisoire (TNC)).
- Patwon'w yo dwe dakò pou kite'w konteste yon TNC epi pa gen dwa pran move aksyon kont ou akoz TNC-a tandiske w'ap konteste TNC-a epi ka E-Verify ou-a annatant.
- Ou genyen 8 jou travay pou Gouvènman Federal pou vizite yon biwo SSA oswa kontakte DHS pou konteste TNC-a apati de patwon'w refere ka-a bay E-Verify.
- Patwon yo pa gen dwa fè diskriminasyon kont ou akoz de sitwayènte'w, estati imigrasyon'w, oswa orijin nasyonal-ou.
- Patwon yo pa ka itilize sistèm E-Verify oaza oswa nan depiste aplikan pou travay. E-Verify dwe itilize pou tout nouvo anplwaye kèleswa sitwayènte, estati imigrasyon, oswa orijin nasyonal li.
- Patwon yo pa kapab itilize E-Verify pou verifye anplwaye ki la deja, sif si anplwaye-a se yon kontraktè ak Règleman Pou Akizisyon Federal (Federal Acquisition Regulation(FAR)) Dispozisyon E-Verify nan kontra federal li-a.
- Patwon yo oblige montre byen klè 'Avi Patisipasyon nan E-Verify' ansanm ak 'Dwa Pou Travay' nan tout lang ke DHS ofri yo.
- Anplwayè yo gen dwa revoke anplwaye akoz yon TNC sèlman apre yo fin resevwa yon Non-konfirmasyon final, oswa apre yon anplwaye te deside pa konteste yon TNC.
- Patwon yo pa kapab itilize E-Verify pou verifye anplwaye ki la deja ki genyen otorizasyon travay yo ki ekspire. Olye de sa, patwon yo dwe ranpli Seksyon 3 nan Fòm I-9, Verifikasyon Kalifikasyon pou Travay, oswa ranpli yon nouvo Fòm I-9.

Pou Plis Enfòmasyon

Si ou gen kesyon pou konnen kisa ou ta dwe fè, kontakte E-Verify nan 888-897-7781 (TTY: 877-875 - 6028) oswa pa imel E-Verify@dhs.gov. Si ou bezwen pou ede'w nan yon lang ki pa Angle, ou kapab mande on reprezantan kliyan E-Verify pou yon entèprèt. Pou plis enfòmasyon sou E-Verify, ki gen ladan'l pratik prive nou an ak règleman pwogram yo, vizite E-Verify sou sit entènèt www.dhs.gov/E-Verify.

Rapò Sou Vyolasyon

Si ou panse ke patwon-ou pa respekte règleman E-Verify yo, oswa trete-ou mal, nou ankouraje'w pou rapòte sa. Pou rapòte yon ka abi sou E-Verify, tankou vyolasyon enfòmasyon prive, ak plent jeneral sou E-Verify, kontakte Liy Dirèk E-Verify la pou Anplwaye yo nan 888-897-7781 (TTY : 877-875 -6028) oswa pa imel E-Verify@dhs.gov.

Pou rapòte diskriminasyon nan travay ki baze sou sitwayènte'w, estati imigrasyon, oubyen orijin nasyonal, kontakte Depatman Lajistis, Divizyon pou Dwa Sivil, Biwo Avoka Espesyal pou Move Pratik nan Travay Ki Gen Rapò ak Imigrasyon (*Office of Special Counsel for Immigration-Related Unfair Employment Practices*) (OSC) nan 800-255-7688 (TTY: 800 -237-2515). Entèprèt pou lang yo disponib pou tout moun ki rele yo. Pou plis enfmasyon vizite sit entènèt OSC-a nan www.justice.gov/crt/about/osc.

Pwoteje Idantite'w

Si ou vle aprann pli sou vò idantite oswa magou ak etap ki senp ou ka pran pou pwoteje tèt-ou, ale nan ftc.gov/idtheft.